Department of Finance

DRIE Diminisyon nan ogmantasyon pri lwaye pou moun andikape

DEMANN PRI LWAYE/PRI LWAYE ESTABILIZE OTÈL/SRO ENSTWIKSYON SOU RENOUVÈLMAN

Tanpri ranpli seksyon sa a men pa soumèt li avèk aplikasyon ou

Èske ou kalifye pou Renouvèlman DRIE?

Tanpri reponn kesyon ki anba la yo:

Èske ou toujou ap viv nan adrès la?	☐ Wi	☐ Non
Èske revni anyèl total moun lakay ou pou ane 2015 (sa oumenm ak tout moun nan kay la te resevwa) se $50,000 dola oswa mwens, apre dediksyon ki akseptab yo?	☐ Wi	☐ Non
Èske ou peye plis pase 1/3 revni ou nan lwaye? *(aplike sèlman si avantaj DRIE ou te kòmanse apre 1ye jiyè 2015)*	☐ Wi	☐ Non

Si ou te reponn WI pou tout kesyon sa yo, tanpri kontinye avèk aplikasyon pou renouvèlman ou.

Ou dwe depoze aplikasyon pou renouvèlman ou anvan sis mwa apre ou resevwa avi pou renouvèlman an.
Si ou bezwen plis tan oswa si ou bezwen èd, gade Kesyon Moun Poze Souvan pou jwenn lòt chwa yo.

Si ou bezwen yon aranjman akòz andikap oswa akòz yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la, oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram yo ofri nan Depatman Finans, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis pou Moun Andikape nan 311.

Nou pa kapab travay sou aplikasyon ou san enfòmasyon sa yo:

- ✓ Ou dwe ranpli seksyon Revni kay la (Seksyon 3) nèt.
- ✓ Ou dwe siyen aplikasyon pou renouvèlman an (Seksyon 5).
- ✓ Lèt ki soti nan Direksyon/Mèt Kay la ki endike kantite lajan pri lwaye ou anvan ak nouvo pri lwaye ou.
- ✓ Soumèt prèv revni 2015 pou TOUT moun nan kay la, ansanm ak oumenm.